



SÈTIFYE BIZNIS OU AK VIL BOSTON

BIZNIS FANM | BIZNIS MINORITE | TI BIZNIS

Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou aplike pou sètifikasyon ak Pwogram Divèsite Founisè Vil la.

Misyon nou se kreye opòtinite egal ego pou tout kalite biznis nan Boston. Apre biznis ou fin sètifye nan biwo nou an, n ap mete w nan tout efò sansibilizasyon nou fè pou pwojè vil la. Nou kapab konekte ou tou ak resous ki ofri andedan ak deyò vil la.

Premye etap ou se detèmine pou ki sètifikasyon ou kalifye. Nou gen plis enfòmasyon sou chak sètifikasyon, epi si w kalifye.

CHACHE KONNEN SI W KALIFYE

ASIRE OU GENYEN PRÈV KE BIZNIS OU ANREJISTRE

Pou w jwenn sètifikasyon, biznis ou dwe anrejistre legalman kòm yon sosyete, konpayi a responsablite limite (LLC), yon sèl pwopriyetè, patenarya, oswa òganizasyon san bi likratif. Prèv enskripsyon biznis ou a ka gen ladan atik enkòporasyon (kòporasyon), sètifika òganizasyon (LLC), oswa yon sètifika biznis, ke w ka jwenn nan biwo grefye vil Boston an si biznis ou a sitiye nan Boston. Yo te kreye yon gid pou montre w kijan pou w jwenn yon sètifika biznis:

KIJAN POU JWENN YON SÈTIFIKA BIZNIS

METE ENFÒMASYON OU YO NAN LÒD

Chak sètifikasyon mande pou ou soumèt enfòmasyon diferan. W ap bezwen tou bay sèten dokiman selon ki kalite biznis ou genyen.

CHACHE KONNEN KI DOKIMAN OU BEZWEN



City of Boston
Supplier Diversity

SÈTIFYE BIZNIS OU AK VIL BOSTON

BIZNIS FANM | BIZNIS MINORITE | TI BIZNIS

RANPLI APLIKASYON KI SOU ENTÈNÈT LA

Yon fwa ou fin rasanble tout enfòmasyon ak dokiman ki enpòtan yo, ou ka kòmanse aplikasyon anliy ou a. Sòf si w gen youn deja, w ap bezwen kreye yon kont pou w ka kòmanse ranpli aplikasyon an. Sa a pèmèt ou fasilman konsève pwogrè ou fè epi retounen nan aplikasyon an.

KÒMANSE APLIKASYON SOU ENTÈNÈT

ORÈ SÈTIFIKASYON NAN ZOOM

Patisipe nan sètifikasyon MWBE nou yo nan Zoom chak semèn, chak mèkredi soti 11 am rive 1 pm:

PATISPE NAN LÈ OUVRAJ BIWO SÈTIFIKASYON